Yon Apèsi Tou Kout Sou

Lwa sou Lisans Pwogresif (GDL) nan Eta Nouyòk



Gid pou Paran

Eta Nouyòk
tout konte yo, eksepte
Vil Nouyòk ak Long Island

REMAK: Gid sa a bay yon apèsi tou kout sou Lwa sou Lisans Pwogresif (GDL) la. Pou plis enfòmasyon, paran yo ta dwe konsilte sit entènèt DMV a nan DMV.ny.gov.

Anvan adolesan ou a kòmanse kondui,
gen kèk bagay enpòtan pou nou tou de konnen.

Move nouvèl la: Paske yo pa gen anpil eksperyans, adolesan yo gen plis risk pou fè aksidan.

Jèn chofè yo enplike nan plis aksidan pase lòt gwoup laj yo. Aksidan ki enplike adolesan yo souvan pi grav. Premye ane ap kondui san sipèvizyon pi danjere paske yo manke eksperyans.

Bon nouvèl la: Lwa sou Lisans Pwogresif la Sove Lavi.

Yo kapab evite aksidan yo. Lwa sou Lisans Pwogresif (GDL) Eta Nouyòk (NYS) la fèt pou anpeche adolesan yo fè aksidan, lè li pèmèt yo akeri yon fason pwogresif epi an sekirite konpetans ak eksperyans ki nesesè pou kondui. Ou bezwen prèv?

Lwa GDL NYS la pèmèt yon diminisyon 80% nan aksidan chofè ki gen 16 ak 17 ane yo lakòz. Chak restriksyon legal (limit sou kantite pasaje, kouvrefe, elatriye) jistifye.

Rechèch montre estrateji sa yo mache.

Kisa ou ka fè pou asire sekirite chofè adolesan ou a?

Lè adolesan ou an ap kondui, ou pa sèlman yon pasaje. Ou se enfliyans #1 pou chofè adolesan ou a. Itilize gid sa a pou w vin abitye ak lwa a pou ou ka ede jèn chofè ou a navige sou wout yo, epi nan pwosesis pou l jwenn yon lisans san restriksyon!



Gid sa a dekri restriksyon GDL yo pou moun ki gen Pèmi Adolensan ak lisans pwobatwa k ap kondui nan nò Eta Nouyòk (tout konte eksepte Vil Nouyòk ak Long Island).

Restriksyon yo aplike selon kote adolesan an ap kondui, pa kote ou rete a.

Etap pou jwenn lisans

Gen twa etap pou jèn chofè yo jwenn lisans:



Pasaj nan tout twa etap pou jwenn lisans lan pèmèt adolesan ou a pran plis tan ak eksperyans li bezwen pou li vin yon chofè ki pi an sekirite.

Sonje: Menm jan ak tout lòt bagay, ou konnen pitit ou a pi byen ke tout moun. Restriksyon ki dekri nan gid sa a se règ sekirite minimòm adolesan ou a dwe respekte. Ou ka chwazi mete plis restriksyon si ou santi pitit ou pa pare pou asime plis responsablite dèyè volan an.

ETAP 1: Pèmi Adolensan

Sa a se etap aprantisaj la. Li pèmèt jèn chofè yo aprann baz pou kondui yon veyikil a motè avèk restriksyon.

Pou aplike pou yon Pèmi Adolensan, pitit ou a dwe:

- Gen omwen 16 ane.
- Gen yon pyès idantifikasyon (pa egzanp, paspò, kat sekirite sosyal) epi pote li nan egzamen an.
- Etidye Manyèl Chofè Eta Nouyòk la (gen egzanplè enprime Manyèl la ki disponib nan biwo lokal DMV yo, epi gen yon vèsyon sou entènèt ki disponib nan http://dmv.ny.gov/driver-license/drivers-manual-practice-tests).
- Ranpli yon aplikasyon (fòm MV-44 DMV a).
- Pase egzamen teyori a ak tès vizyon an.

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon Pèmi Adolensan, egzamen yo, fòm yo, ak frè yo, konsilte sit entènèt DMV NYS la nan:

http://dmv.ny.gov/driver-license/get-learner-permit

Mete tout chans yo bò kote adolesan ou an pou l reyisi!

Anvan adolesan ou kòmanse kondui, pran tan diskite avè l epi kreye yon akò sou konduit pou etabli konpòtman sekiritè, règ, ak konsekans si l pa respekte yo. Pou yon egzanp akò, konsilte:

www.safeny.ny.gov/SRO-Toolkit/contract.html

Kounye a, aprantisaj la kòmanse!



Faktè ki esansyèl pou vin yon chofè ki an sekirite. Anvan adolesan ou pase tès pratik la, li dwe fè **omwen** 50 èdtan kondui anba sipèvizyon yon paran ki sètifye, ladan yo 15 èdtan dwe fèt apre solèy kouche. Itilize yon jounal kondui pou ekri kantite èdtan ou menm ak adolesan ou a pase ap kondui ansanm. Ou ka ekri tou konpetans nou pratike yo, sa li metrize deja, ak nouvo konpetans pou travay sou yo. Gen yon jounal ki disponib nan paj 25 nan Gid Resous pou Jèn Chofè NYS yo nan:

http://www.nxtbook.com/nxtbooks/nysdmv/teenresourceguide/#/30



Restriksyon ki lye ak Pèmi Adolensan
Nò Nouyòk

Aktivite yo Otorize = ✓ Aktivite yo pa Otorize = X

	Lajounen 5am-9pm	Lannwit 9pm-5am
Moun ki gen Pèmi Adolensan yo ka kondui sèlman anba sipèvizyon	✓ Yo dwe anba sipèvizyon yon moun ki gen omwen 21 ane, ki gen lisans NYS.	✓ **Yo dwe anba sipèvizyon yon moun ki gen omwen 21 ane, ki gen lisans NYS epi ki se paran, responsab legal, pwofesè ki bay fòmasyon pou kondui, oswa yon moun yo deziyen *kòm otorite parantal (in loco parentis)*[1].**

- Pa gen okenn moun ki ka chita sou chèz devan an sinon chofè k ap sipèvize a.
- **Avèk yon paran/responsab legal kòm chofè k ap sipèvize:** pa gen restriksyon sou kantite pasaje ki ka chita dèyè. **Si chofè k ap sipèvize a pa paran/responsab legal (sèlman pandan lajounen):** yo otorize sèlman yon pasaje ki poko gen 21 ane, sof si pasaje yo se fanmi pwòch.
- Chak pasaje dwe mete senti sekirite, epi chak timoun dwe enstale nan yon chèz sekirite ki apwopriye pou li. Pou plis enfòmasyon sou Lwa NYS konsènan Chèz Sekirite pou Pasaje yo, konsilte www.safeny.ny.gov/sesa-ndx.htm.
- Pou moun ki gen pèmi pou yo kondui nan Vil Nouyòk, veyikil yo itilize a dwe gen kontwòl doub (de fren). Konsilte gid GDL Vil Nouyòk la pou konnen restriksyon adisyonèl yo. Li entèdi pou kondui sou otowout Cross County, Hutchinson River, Saw Mill River, oswa Taconic State parkways, ni sou okenn lari ki andedan pak nan Vil Nouyòk yo, ni sou okenn pon oswa tinèl ki anba otorite Tri-borough Bridge and Tunnel Authority.
- Pèmi Adolensan pou moto: chofè k ap sipèvize a dwe gen yon lisans ki valid pou kondui menm kalite machin adolesan an ap kondui a, epi li dwe fè yon sipèvizyon ak kontwòl jeneral pandan li rete nan yon distans ki pa depase yon ka mil. Yo pa otorize okenn pasaje, sof si li gen yon lisans moto ki valid e ki pa gen restriksyon.

Sanksyon: Amann $75 a $300 Prizon: maksimòm 15 jou

in loco parentis[1] = Yon moun ki, sou yon baz regilye/pwolonje, asime wòl yon paran epi ranpli fonksyon paran nan ka lanmò, andikap, oswa absans paran byolojik la.

Pou pase nan Etap 2 (lisans pwobatwa), adolesan an dwe:

- Gen Pèmi Adolensan li depi omwen sis mwa.
- Pran yon kou preparasyon a egzamen pou gen lisans oswa yon kou sou aprann kondui (yo rele li tou "kou 5 èdtan").
- Anvan li pase egzamen pratik la, li dwe fè omwen 50 èdtan kondui anba sipèvizyon yon paran ki sètifye, ladan yo 15 èdtan dwe fèt apre solèy kouche.

  (Gen yon jounal ki disponib nan paj 25 nan Gid Resous pou Jèn Chofè NYS yo nan http://www.nxtbook.com/nxtbooks/nysdmv/teenresourceguide/#/30)
- Ranpli fòm MV-262 DMV a Sètifikasyon Konduit Sipèvize. http://dmv.ny.gov/forms/mv262.pdf
- Pran randevou epi pase egzamen pratik la.

ETAP 2: LISANS PWOBATWA

Sa a se etap fòmasyon an. Li pèmèt jèn chofè a pratike epi amelyore sa li te aprann pandan etap Pèmi Adolensan a. Yo bay privilèj adisyonèl apati etap sa a.

Restriksyon pou moun ki gen lisans pwobatwa a ki dekri nan gid sa a se règ sekirite minimòm adolesan ou a dwe respekte. Ou ka chwazi mete plis restriksyon si ou santi adolesan ou a pa pare pou asime plis responsablite dèyè volan an.



Restriksyon pou gen Lisans Pwobatwa
Nò Nouyòk

Aktivite yo Otorize = ✓ Aktivite yo Pa Otorize = X

Moun ki gen lisans pwobatwa ka kondui san sipèvizyon:	**Lajounen 5am-9pm**	**Lannwit 9pm-5am, dirèkteman pou soti epi re-tounen lakay yo:**	
Kou Lekòl[2]	✓	✓	Pou aktivite ki otorize yo, adolesan an dwe genyen dokiman pwofesè li oswa patwon li siyen.
Travay	✓	✓	
Tout lòt aktivite tankou aktivite andeyò lekòl la, espò, ak evènman sosyal	✓	X	Adolesan an **pa dwe** kondui pandan lè travay li (livrezon, elatriye).

Pou tout aktivite lannwit, adolesan an dwe kondui avèk yon chofè k ap sipèvize[3].

- **San yon chofè k ap sipèvize[3]:** yo otorize sèlman yon pasaje ki gen mwens pase 21 ane, sof si se yon manm fanmi pwòch. **Avèk yon chofè k ap sipèvize[3]**: pa gen restriksyon sou kantite pasaje.
- Chak moun dwe byen tache ak senti sekirite oswa itilize yon chèz sekirite pou timoun.
- Pou lisans moto pwobatwa: chofè ki ap sipèvize a sèlman bezwen bay sipèvizyon ak kontwòl jeneral pandan apranti a ap kondui moto a. Yo pa otorize okenn pasaje, sof si li gen yon lisans moto ki valid e ki pa gen restriksyon.
- Yo entèdi moun kondui nan Vil Nouyòk ak yon lisans pwobatwa, kèlkeswa rezon an. Anplis de sa, li entèdi pou kondui sou lari ki andedan pak nan Vil Nouyòk yo, ni sou okenn pon oswa tinèl ki anba jiridiksyon Tri-borough Bridge and Tunnel Authority, sou otowout Cross County, Hutchinson River, Saw Mill River, oswa Taconic State parkways yo.

Sanksyon: Amann $75 a $300 Prizon: maksimòm 15 jou

Kou Lekòl[2] = Enstriksyon, ansèyman, oswa fòmasyon yon ajans oswa depatman eta bay lisans oswa apwouve, oswa fòmasyon Fòs Lame Etazini bay. Tèm "kou lekòl" PA enkli aktivite ki andeyò lekòl la, espò oswa evènman sosyal kote yo pa bay kredi lekòl.

Chofè k ap Sipèvize[3] = Yon moun ki gen 21 ane oswa plis, ki gen yon lisans NYS, epi ki se paran, responsab legal, pwofesè ki bay fòmasyon pou kondui oswa yon moun yo deziyen *kòm otorite parantal*.

Sispansyon ak Anilasyon

Yo entèdi tilizasyon tout aparèy elektwonik pou tout chofè pandan l ap kondui.

Sanksyon:

Premye fwa yo kondane w pou itilizasyon telefòn selilè oswa voye mesaj pandan w ap kondui ap lakòz sispansyon Pèmi Adolensan a pou 120 jou epi w ap pèdi 5 pwen.

Yon dezyèm kondanasyon nan sis mwa apre yo fin reyaktive pèmi an ap lakòz yon anilasyon pou omwen yon ane w ap pèdi 5 pwen.

Dapre "Lwa Zewo Tolerans" NYS la, yon chofè ki poko gen 21 ane pa gen dwa kondui ak yon nivo alkòl nan san ki egal oswa siperyè a .02 (yon nivo ki ka atenn aprè itilizasyon losyon bouch oswa siwo pou tous).

Sanksyon:

Sispansyon lisans pou 6 mwa, yon penalite sivil $125, ak yon frè $100 pou mete fen nan sispansyon an.

Chak enfraksyon adisyonèl ap lakòz anilasyon Pèmi Adolensan a pou omwen yon ane oswa jiskaske moun nan rive gen 21 ane (kèlkeswa sa ki pi long nan), ansanm ak yon penalite sivil $125 ak yon frè $100 pou renouvèlman pèmi an.



Kisa k ap pase si li komèt plizyè nan enfraksyon sa yo?

Y ap sispann Pèmi Adolensan adolesan ou a pou 60 jou si yo jwenn li koupab pou de enfraksyon pandan li te gen pèmi oswa lisans pwobatwa a.

Y ap sispann lisans lan tou pou 60 jou si yo jwenn li koupab de yon "enfraksyon sikilasyon grav" (ki lakoz anjeneral yon retrè twa pwen oswa plis), tankou eksè vitès oswa voye mesaj pandan l ap kondui. Apre peryòd sispansyon an fini, si jèn chofè a kondane nan yon delè 6 mwa pou yon enfraksyon sikilasyon grav oswa de lòt enfraksyon, y ap anile pèmi oswa lisans pwobatwa li a pou 60 jou.

Si yo sispann yon lisans, adolesan an ka kondui ankò lè peryòd sispansyon an fini. Si yo anile yon lisans, li pèdi nèt, epi adolesan an ap oblije rekòmanse tout pwosesis la epi aplike pou yon lisans ankò apre 60 jou.

Siveye fason adolesan ou an ap kondui!

Enskri l nan pwogram TEENS DMV NYS la – w ap resevwa notifikasyon lè gen evènman espesifik (tankou kontravansyon, kondanasyon pou enfrakasyon sikilasyon, sispansyon lisans, ak kèk aksidan) ki ajoute nan dosye konduit li.

http://dmv.ny.gov/dmv-records/monitor-my-teen-driver-teens

Ou gen pouvwa desizyon.

Kòm paran oswa responsab legal ki te bay konsantman pou adolesan ou a jwenn yon pèmi oswa yon lisans pwobatwa, ou gen dwa anile pèmi oswa lisans sa a si ou santi li pa ta dwe kondui. Ranpli fòm
MV-1W (Retrè Konsantman)
DMV a epi soumèt li nan yon biwo DMV.

http://dmv.ny.gov/forms/mv1w.pdf



ETAP 3: LISANS SAN RESTRIKSYON

Y ap voye yon lisans definitif, san restriksyon pa lapòs bay tout moun ki gen yon lisans pwobatwa apre yo fin gen 18 ane. Yon lisans san restriksyon se menm ak lisans granmoun genyen, epi li pèmèt adolesan ou a kondui nenpòt kote nan NYS san kouvrefe oswa restriksyon sou kantite pasaje.

Adolesan ki te swiv yon fòmasyon pou kondui:

Adolesan ou a ka aplike pou yon lisans definitif a laj 17 ane si li te resevwa yon Sètifika Reyisit (fòm MV-285 DMV) nan yon òganis fòmasyon ki agreye. Lè chofè 17 ane a fin pase egzamen pratik la epi li remèt fòm MV-285 la bay DMV, yo ba li yon lisans san restriksyon. Si adolesan ou a pa remèt fòm MV-285 la, y ap toujou konsidere li kòm yon moun ki gen lisans pwobatwa epi li dwe kontinye respekte restriksyon GDL yo.

Konduit Sekiritè Mande Pratik

Jwenn yon lisans san restriksyon pa vle di ou fini aprann kondui. Sa pran plizyè ane anvan yon moun vin metrize kondui. Adolesan yo ka menm konnen moun nan lekòl yo oswa nan lòt lekòl ki te mouri oswa ki te blese grav nan aksidan machin. Yo gen plis risk pase lòt moun an jeneral. Ankouraje yo pou yo kontinye aprann epi pratike yon konduit an sekirite.





PWEN KLE

Pèmi Adolensan

- Pratike, pratike, pratike.
- Yo ka kondui sèlman avèk yon chofè k ap sipèvize.
- Yo dwe tann omwen sis mwa anvan yo pase egzamen pratik la.
- Si y ap kondui nan Vil Nouyòk, yo dwe gen yon ve-yikil ki gen de fren.
- Yo dwe pase egzamen pratik la pou yo resevwa yon lisans pwobatwa.
- Gade paj 4 la pou jwenn plis detay.

LISANS PWOBATWA

- Kondui ant 9pm ak 5am entèdi.
- Ka gen sèlman yon pasaje ki poko gen 21 ane.
- Pa gen dwa itilize aparèy elektwonik pandan y ap kondui (sa aplike pou tout chofè).
- Pa gen dwa kondui nan Vil Nouyòk.
- Gade paj 6 la pou jwenn plis detay.

Sonje: restriksyon ki lye ak pèmi ak lisans pwobatwa a aplike ak kote w ap kondui a, se pa kote w ap viv la.





Pou tout kesyon sou piblikasyon sa a oswa pou kòmande egzanplè, kontakte:

New York State Department of Health
(Depatman Sante Eta Nouyòk)
Bureau of Occupational Health and Injury Prevention
(Biwo Sante ak Prevansyon Aksidan nan Travay)
Telefòn: (518) 402-7900
Imèl: injury@health.ny.gov

Pou plis enfòmasyon sou Lwa konsènan Lisans Pwogresif, konsilte sit entènèt Department of Motor Vehicles (Depatman Veyikil a Motè) Eta Nouyòk la:

www.dmv.ny.gov/youngerdriver

Se National Highway Traffic Safety Administration (Administrasyon Nasyonal Sekirite Woutyè) ki finanse pwogram sa atravè yon sibvansyon Komite Sekirite Woutyè Gouvènè NYS la.

NEW YORK STATE | Department of Health

8231 (Haitian)

5/19